

Lekòl Piblik Boston yo

Sirentandan Lekòl yo Karakteristik Swete

Lekòl Piblik Boston yo (BPS) ap chèche yon lidè edikatif ki fò k ap pran angajman pou abòde pwoblèm ekite, koyerans ak inovasyon epi anbrase anti rasis la kòm yon priyote òganizasyonèl. Pwochen lidè BPS la bezwen gen konpetans ak ekspètiz nesèsè pou l dirije distri lekòl ki pi ansyen nan nasyon an pou l vin tounen premye distri lekòl nan nasyon an pou elimine tout baryè opòtinite ak reyisit, pandan l ap adopte yon kilti ekelans nan tout lekòl ak bay responsab biwo santral ak lidè lekòl yo soutyen nesèsè pou sa rive fèt.

Sirentandan an dwe yon vizyonè, inovatè e yon lidè edikasyon ki santre sou rezilta ki gen yon kapasite apwouve pou l jere yon gwo distri vil sou plan kiltirèl, lengwistik ak varyabilite newolojik divèsifye. Sirentandan an pral fè règleman sou Baryè Opòtinite ak Reyisit la sant distri a nan pwomote vizyon, bi ak objektif nan règleman yo pou tout moun; mete priyote sou bezwen elèv ak fanmi ke sistèm lan rejte; epi byen fè sèten ke desizyon yo, resous ak alokasyon finans yo fèt selon bi ak objektif règleman an. Nou espere lidè Distri a bay bonjan solisyon inovan e rasyonèl k ap elimine ni baryè opòtinite ak reyisit pandan l ap konsantre sou ekite ak anti rasis.

Sirentandan an dwe gen kapasite apwouve pou l rekrute ak kenbe moun ki gen talan eksepsyonèl, divèsite ak moun ki konpetans sou plan kiltirèl. Sirentandan an dwe yon moun ki gen astis politik pou l rezoud pwoblèm e genyen konpetans kominikasyon eksepsyonèl, ak demontre abitud pwomote transparans. Sirentandan an ta dwe genyen eksperyans pwofon e apwopriye e demontre angajman pou angajman fanmi otantik. Lidè a dwe genyen bonjan ekspètiz sou kontwòl fiskal pou abòde bezwen finansye Distri a aktyèlman.

Sirentandan an dwe gen konpetans entèpèsyonèl ki fò k ap pèmèt li devlope kolaborasyon ak antant pou sekirize soutyen politik, kominote ak finansye ki nesèsè po objektif akoutè e alontèn Distri a. Sirentandan an dwe trè vizib nan lekòl yo ak nan evenman k ap fèt nan kominote yo ke divès fanmi souvan frekante, epi li dwe yon defansè kredib e atansyon pou edikasyon soti nan Preskolè rive nan klas -12yèm ane -- nan eta a ak nan tout nasyon an -- an kolaborasyon avèk kominote lokal la. Sirentandan an dwe gen yon dosye kote li gen eksperyans reyisi nan jere chanjman sistematik nan yon gwo òganizasyon ak konpetans apwouve pou devlope yon ekip lidè efikas ki gen diferan antesedan rasyal, etnik ak lengwistik ki kapab kolabore nan fonksyonman yon sistèm ki reponn avèk bezwen konplè timoun. Sirentandan an dwe gen konesans dijital; yon moun dijital ki gen konesans global ak yon pasyon pou l angaje, devlope, prepare ak edike tout timoun pou 21yèm syèk la ak ekonomi mondyal la e antisipe pwogrè teknolojik ak itilizasyon l nan salklas. Nou espere Sirentandan an ak pèsyonèl BPS yo mete sèvis pou elèv yo kòm premye priyote; pou ankouraje enplikasyon divès fanmi ak kominote a sou plan rasyal, kiltirèl, lengwistik ak varyabilite newolojik; pou fikse ak atenn objektif ki baze anpil sou sipò epi pou rann kont pou rezilta yo.

Sirentandan an dwe gen konpetans pou l travay avèk yon Komite Eskolè ke majistra a dezinye, patisipe antanke yon manb Kabinè Majistra a, epi konstwi pon avèk tout moun ki gen enterè ki enpòtan ak tout kominote lekòl yo pandan moman tranzisyon, ak avan nouvo inisyativ, ki planifye ak pwopoze antre an aplikasyon.

Kalifikasyon:

- **Edikasyon:** Nivo Metriz
- **Sètifika:** Lisans Sirentandan Eskolè MA aktif e valid Obligatwa
- **Ekperyans Egziye:**
 - plis pase 10 lane ekperyans kòm sipèvizè, ak ekperyans:
 - Travay kòm yon edikatè nan yon distri piblik soti Preskolè rive nan -12yèm ane.
 - Dirije nan lekòl piblik, gouvènman leta oswa lokal, òganizasyon ki pa la pou fè lajan oswa antrepriz ki gen menm gwosè ak kompleksite
 - Fasilite relasyon ant kominote, elèv, fanmi, moun ki gen enterè ak/oswa komisyon an
 - Demontre kapasite pou devlope règleman, plans estratejik ak inisyativ ki koresponn pou avanse preparasyon aprantisaj elèv, moman gradyasyon, inivèsite ak karyè pwofesyonèl.
- **Ekperyans Prefere:**
 - Ekperyans travay kòm Sirentandan oswa lòt direktè egzekitif pou yon gwo LEA ki gen menm bezwen yo, menm gwosè epi ki gen anpil moun
 - Demontre ekperyans travay efikas avèk kominote pandan pandemi an nan yon fason ki devlope konfyans ak konfidans
 - Familye avèk Plizyè Lang New England, Massachusetts ak/oswa Boston
 - epi gen konpetans nan youn oswa plis nan 9 lang majè Distri a: Espanyòl, Chinwa (Mandaren ak Kantonè), Kreyòl Ayisyen, Kreyòl Kap Vèyen, Vyètnamyen, Pòtigè, Fransè, Arab ak Somalyen.

Konpetans ak Kalite

Kandida ideyal la ap gen plizyè nan konpetans ak kalite esansyèl sa yo ke kominote BPS la idantifye, epi pou li demontre li konesans, ekperyans ak mantalite nesèsè pou dirije travay sa a.

1. Elime Baryè Opòtinite ak Reyisit:

- Demontre kapasite pou elimine baryè opòtinite ak reyisit ak amelyore rezilta edikatif pou elèv soti nan timoun piti rive nan preparasyon pou inivèsite ak karyè pwofesyonèl ak devlopman konpetans pwofesyonèl ak lavi.
- Demontre bonjan ekperyans ak konesans nan sèvi elèv k ap aprann plizyè lang ak elèv ki pale plizyè lang ki gen andikap.
- Gen ekperyans nan aplike règleman sistèm, pwogram ak pratik ki fèt pou elimine baryè reyisit ak opòtinite pou elèv yo ak aranje règleman ki te la deja epi fè refòm sistemik ki nesèsè.
- Demontre kapasite pou devlope yon kilti òganizasyonèl kote chak moun nan chak depatman responsab pou amelyorasyon rezilta edikatif pou tout elèv nan chak lekòl epi gen devouman pou elimine baryè opòtinite ak reyisit.
- Afiche konpetans kiltirèl nesèsè pou pwomote yon distri ki anbrase kwayans ak pratik kiltirèl dirab ki onore diferans ak entèseksyon rasyal, etnik, langaj, abilite, kilti sèks ak oryantasyon seksyèl.
- Demontre angajman otantik pou devlope yon òganizasyon anti rasis epi analize règleman ak pratik yo avèk yon zye anti rasis.

2. Direksyon Pedagojik:

- Byen konprann defi edikasyon nan vil; konprann istwa dezegregasyon Boston, ak popilasyon elèv li gen kounye a ki gen anpil elèv a fèb revni, Elèv Nwa ak Latino, elèv k ap aprann plizyè lang, elèv ki gen andikap ak elèv ki gen andikap ki pale plizyè lang.

- Genyen yon bon dosye ki gen rezilta pozitif nan amelyore pèfòmans elèv ki gen fèb revni, elèv Nwa ak Latino, Elèv k gen andikap, elèv k ap aprann plizyè lang ak elèv ki gen andikap ki pale plizyè lang.
- Eksperyans solid nan edike elèv k ap aprann plizyè lang ak pwèb siksè tankou devlopman pwogram, anplwaye ase pèsònèl pou ansenye lang, espas efikas pou devlopman lang Anglè ak ansenye lang matènèl.
- Demontre kapasite pou dirije efò ki djanm e ijan pou elèv k ap aprann plizyè lang, e reponn avèk obligasyon legal Distri a pou bay elèv k ap aprann Anglè sèvis edikatif adekwa, asire sèvis adekwa e apwopriye pou elèv ki gen andikap ki pale plizyè lang, ranfòse devlopman pwogram konfòmeman avèk lwa LOOK la, rekrute pèsònèl ki koresponn sou plan kiltirèl e konpetan sou plan lengwistik, epi asire plizyè mwayen pou tout elèv gradye avèk So Doub Aprantisaj Massachusetts la
- Kapasite apwouve nan egzekite pwogram ki asire devlopman akademik, sosyo emosyonèl ak fizik konplè pou timoun.
- Valorize ak apiye sou done lè l ap pran desizyon ak nan devlopman ak aplikasyon kontwòl konplè ak sistèm responsablite pou jesyon akademik, pèsònèl, fonksyonman ak jesyon fiskal Distri a.
- Afiche tolerans nan pran risk, lè se nesèsè, pou pi byen reponn avèk bezwen elèv yo ak/oswa Distri a.
- Konnen pi bon pratik ansèyman soti nan preskolè rive nan klas -12yèm ane, transfòmasyon lekòl, pratik chanjman leta ak chèche sipò piblik pou ekspansyon timoun piti, transfòme edikasyon espesyal, mete etablisman yo ajou, avèk priyorite pa rapò a bezwen an.
- Fè sikè pwofesyonèl nan avanse konpetans ak konesans elèv pa rapò avèk refleksyon kritik, itilizasyon teknoloji ak kapasite pou patisipe nan sosyete a konplètman.
- Abòde avèk efikasite tip de defi akademik espesifik ke Lekòl Piblik Boston yo ap fè fas:
 - Akselere aprantisaj elèv, geri ak rekiperasyon akademik ki lye ak pandemi COVID-19 la.
 - Kode ak amelyore ansèyman alfabetizasyon konfòmema avèk syans lekti nan bay aksè ekitab ak diferan aprantisaj pou bonjan reyisit ak fèmen tout twou vid nan mintan elèv yo rejete yo;
 - Kreye anviwonman eskolè ki sekirize, akeyan e enklizif ki sipòte aprantisaj elèv ak aplike de fason apwopriye pratik jistis restorasyon;
 - Edike avèk siksè yon bann elèv k ap aprann plizyè lang ki gen divès lang matènèl ak yon sistèm laj soti nan imèsyon Anglè ale nan edikasyon bileng ak aksè ansèyman lang matènèl.
 - Edike avèk siksè yon bann elèv ki gen divès andikap, sitou elèv gason Nwa ak Latino;
 - Bay diferan pwogram pou sipòte yon bann devlopman konpetans ak sa ki enterese elèv yo, epi konsantre sou devlope pwogram edikasyon pwofesyonèl ki fò ak pwogram edikasyon altènatif eksepsyonèl;
 - Transfòme gouvènans distri a ak pratik ki baze sou rechèch ak rezilta elèv yo pou lekòl ki bezwen sipò ki Santre/Sible ak lekòl ki bezwen sipò ki Laj/Konplè;
 - Bay devlopman pwofesyonèl pou lidè lekòl yo ak lidè biwo santral yo ak pèsònèl yo, chèche konnen Zouti Planifikasyon Ekite distri a, epi fè amelyorasyon dirab e mezirab nan ansèyman nan salklas ak rezilta elèv ki lye yo.

3. Jesyon ak Fonksyonman:

- Kapab dirije yon sistèm fonksyonman lekòl yo de fason efikas konfòmeman a divès estrikti avèk nivo otonomi ak fleksibilite varye lè l ap pran desizyon.
- Demontre kapasite dirije nan chanjman tout sistèm lan pou pwomote pi bon rezilta aprantisaj nan itilize resous ki disponib yo kòrèkteman.
- Gen yon bon dosye nan atire, devlope ak kenbe anplwaye nan tout nivo ki reflekte divèsite rasyal ak lengwistik Boston ki, ki sansib pou melanj kiltirèl nan chak lekòl epi ki kwè tout elèv ka fè siksè akademik.
- Gen eksperyans avèk bezwen lajan ak fonksyonman pou fè sèten ke elèv yo ale lekòl nan etablisman leta de gran kalite nan chèche jwenn sipò kominotè ak politik pou atenn objektif sa a.
- Kapab transfòme sèvis transpò a pou asire yon ekselan transpò pandan tout ane a ki reponn avèk bezwen tout fanmi ak elèv yo, sitou elèv ki depann de transpò espesyalize pou yo ale lekòl.
- Eksperyans nan kreye relasyon pozitif ak kolabore avèk asosyasyon sendikal/pwofesyonèl ak jere kontra oswa akò travay de fason efikas e kòrèk pou fè refòm nesèsè.
- Siksè nan dijire inisyativ finansye e operasyonèl, tankou:
 - Aplike sistèm k ap mennen a yon anviwonman aprantisaj sekirize.
 - Asire fyabilite, efikasite sèvis transpò ak manje sou plan fiskal yo bay avèk bonjan satisfaksyon;
 - Ranfòse divèsite edikatè yo ak pèsònèl yo nan rekritman, anplwa, devlopman ak konsèvasyon.
 - Amelyore règleman devwa elèv yo ak chwa lekòl yo pou abòde enkyetid ki lye ak ekite ak koyerans;
 - Dirije gwo planifikasyon etablisman pou etablisman lekòl 21yèm syèk yo fèt ak reyalize yon fason pou ogmante ekite, elaji aksè a kalite epi diminye tranzisyon pou fanmi yo;
 - Remanye eksperyans lekòl segondè pou prepare chak jèn moun pou siksè aprè lekòl segondè, karyè pwofesyonèl ak siksè dirab nan lavi;
 - Rafine apwoch Finans Selon Bezwen Elèv la nan bidjè a; ak
 - Ogmante sipò biwo santral ak responsablite pou Lidè Lekòl yo nan sistèm eskolè ki gen diferan detèminasyon otonomi ak detèminasyon responsablite Leta.

4. Angajman Fanmi ak Kominote:

- Devwe pou yon angajman kominotè otantik. Wè fanmi yo, elèv yo, ak manb kominote yo kòm atou, epi prepare pou aplike pwosesis lè l ap pran desizyon ki chèche opinyon kominote a nan fòmile vrè pwoblèm yo pou rezoud yo ak nan devlopman solisyon yo.
- Kapab konstwi yon enfrastrikti ki ankouraje pataj desizyon ki pran, chèche vwa moun yo majinalize selon istwa epi pèmèt distri a kolabore de fason efikas avèk tout moun ki konsène sou enpak potansyèl desizyon yo avan yo pran.
- Genyen ekselan konpetans kominikasyon, konpetans ekout ak jesyon nesèsè pou travay an kolaborasyon avèk Komite Lekòl la ak moun ki konsène ki apwopriye nan devlopman, rafinman ak analiz peryodik misyon, vizyon ak plan estratejik konplè Distri a pou fè sèten ke yo bay priyorite ak direktiv distri a nan planifikasyon ak pran desizyon akoutèm e alontèm.
- Dosye trasab ak angajman pou l vizib e angaje aktivman nan lekòl yo ak nan kominote a pou abòde pwoblèm ke yo jije ki enpòtan pou valè ak kilto fanmi yo ak kominote yo.
- Demontre konpetans pou devlope patenarya efikas e otantik avèk divès òganizasyon, moun k ap pran swen moun ak gwoup famiyal, pa pou ajans, antrepriz, fondasyon, enstitisyon etid siperyè, enstitisyon espiyèl ki nan kominote yo, otorite piblik ak lòt gwoup fè pwofi.

- Demontre siksè nan angaje moun k ap pran swen moun ak fanmi kòm kolaboratè nan edikasyon pitit yo, enfòmè atravè yon definisyon ko konstriksyon yon elèv konplè.
- Afiche kapasite ki montre l ap reyisi nan devlope relasyon travay nan respè pou angaje avèk senterite avèk moun ki konsène ki esansyèl, ak elèv yo, fanmi yo, pwofesè yo, pèsonèl yo, inite antant, defansè kominotè yo, fondasyon yo, òganizasyon patnè yo, medya, otorite eli, Komite Lekòl ak Majistra.

5. Kilti Pwofesyonèl:

- Demontre kouraj nan desizyon l ap pran k ap mete bezwen elèv yo toujou an premye, kèlkeswa konfli ak kritik; angaje l nan konvèzasyon ak dialòg regilye, dirèk avèk elèv yo ak fanmi yo.
- Gen konpetans lidèchip eksepsyonèl ki demontre kominikasyon efikas, reflechi avèk respè kiltirèl.
- Gen yon kapasite pou l motive lòt moun avèk pasyon pou yo ka jwe wòl yo ak pran responsablite yo ki asosye avèk vizyon ak misyon distri a ak règleman sou Baryè Opòtinite ak Revisit la.
- Kenbe yon lespri ouvè pou lide inovan tout moun ki konsène yo - ak elèv yo - fanmi yo ak sendika - pou avanse vizyon ak misyon yon òganizasyon ki gen yon bidjè anyèl ki konparab a yon distri lekòl nan yon vil ki gran.
- Demontre yon estil lidèchip ki baze sou kolaborasyon lespri ouvè, enklizif e desisif.
- Kreye yon kilti kolaborasyon nan mitan Dirijan yo, pwofesè yo ak manb pèsonèl biwo santral yo ki santre sou sipòte travay ansèyman ak aprantisaj nan salklas ak nan lekòl yo.
- Demontre bonjan konpetans lidèchip pou gide amelyorasyon sistematik nan gran enstitisyon ak edikasyon piblik nan Boston ak bonjan kolaborasyon avèk lekòl Boston yo pou byen tout timoun nan vil la, pandan l ap asire l yo jwenn ase resous ak atire elèv yo a sistèm eskolè a.
- Demontre konesans ak konpreyansyon anviwonman politik istorik Boston, ak estrikti yon Komite Lekòl ke Majistra a dezinye, ak bonjan enplikasyon fanmi yo ak òganizasyon kominotè yo.
- Gen konpetans entèpèsonèl ak kominikasyon efikas - vèbal, ekri ak ekout - ak demontre kapasite pou l kominike avèk moun ki konsène ki esansyèl nn divès fowòm piblik ak prive.
- Demontre li konnen fòs ak feblès pèsonèl li yo e gen yon dosye pwofesyonèl ki dokimante nan konstwi ekip edikasyon ak lidè responsab pou fè fas avèk kantite defi nesesè pou yon chanjman reyisi, sitemik e enstitisyonèl nan yon distri lekòl iben divèsifye tankou Boston.
- Demontre yon palmarès apwouve nan jere gwo sistèm ak aplikasyon ak itilize teknoloji aktyèl yo pou amelyore efikasite ak sansibilite.

Peryòd Jesyon Nivo E (Pa ladan). Kontra anlwa endividyèl. 12 mwa. Dwe disponib plis pase 40 èdtan pa semèn pou reyinyon Komite Lekòl Boston lan, ak evenman nan nwit ak nan wikenn yo ak li dwe disponib pou ijans, pou reponn avèk bezwen distri a. Abite Boston Obligatwa.

Lekòl Piblik Boston yo, konfòmeman avèk règleman non diskrimansyon l yo, pa fè diskriminasyon nan pwogram li yo, etablisman yo, oswa opòtinite anlwa ak edikatif sou baz ras, koulè, laj, kazyè jidisyè (ankèt sèlman), andikap, sanabri, sèks/sèks, idantite sèks, relijyon, peyi orijin, asandan, oryantasyon seksyèl, estati jenetik oswa militè epi li pa tolere okenn fòm reprezay, oswa entimidasyon ki baze sou patipri, menas oswa asèlman ki rabese diyite moun oswa entèfere avèk abilite yo pou yo aprann oswa travay.